



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GANYAN KONPETISYON BIZNIS GENIUS NY KI SE LIDÈ NAN NASYON AN

Pwogram GENIUS NY la bati sou Pwogrè CNY Rising lan - ki se estrateji global rejyon an pou kreye bon travay epi atire biznis yo nan New York Santral

Airtonomy ki soti nan North Dakota genyen Gran Pri 1 milyon dola a

Kat finalis anplis resevwa 500,000 dola yo chak

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Airtonomy, ki soti nan Grand Forks, North Dakota, se ganyan gran pri 1 milyon dola a nan senkyèm faz konpetisyon akseleratè GENIUS NY la. Pwogram GENIUS NY la, k ap dire yon ane, se pi gran konpetisyon biznis nan mond lan ki konsantre sou sistèm san pilòt, platfòm kwaze yo ak lòt sektè ki akse sou teknoloji yo. Aerial Robotics nan Hamburg, ki soti an Almay, CarScanner nan Krakow, an Polòy, Circle Optics nan Rochester, NY ak WindShape Jenèv, an Swis yo te akòdeyo chak envèstisman 500,000 dola apre senkyèm evènman prezantasyon vityèl la. Ekip yo pral itilize envestisman sa yo pou kontinye akselere kwasans yo epi elaji prezans yo nan rejyon an. Jiska prezan, Eta New York te envesti 25 milyon dola nan GENIUS NY pandan senk faz konpetisyon an. Patisipan GENIUS NY yo oblije opere biznis yo nan New York Santral pandan omwen yon lane.

"Konpetisyon GENIUS NY la ap transfòme peyizaj ekonomik New York Santral nan atire pwochè jenerasyon antreprenè inovan ki soti nan tout mond lan nan rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare**, "Envestisman kontinyèl nou nan biznis sistèm aeryen san pilòt yo ap ede asire ke New York rete lidè nan endistri enpòtan sa a ak nan mennen bon jan kalite djòb ak kwasans ekonomik nan New York Santral."

Pwogram GENIUS NY lan, ke Tech Garden CenterState CEO a ap administre, nan Syracuse, ofri patisipan yo espas enkibatè, resous pou konpayi yo, pwogramasyon ak opòtinite ankadreman. Depi 2017, konpayi GENIUS NY yo deja te ranmase plis pase 73.5 milyon dola a nan finansman swivi epi yo deja kreye 60 djòb nan rejyon an. Avansman pwogram GENIUS NY lan ajoute sou pwogrè CNY Rising lan, ki se plan estratejik ki ranpòte prim nan rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an.

Gayan gran pri a Airtonomy, ki te kòmanse an 2018 e ki gen 25 anplwaye, pèmèt nenpòt moun kolekte done yon fason inifòm lè yo sèvi avèk machin otonòm oswa drón. Li fè vòl konplèks vin fasil pou senplemen peze yon bouton pou ke yon teknisyen ewolyen, ajan sekirite oswa yon moun ki konn moute sou poto elektrik ka opere yon drón san danje epi yon fason koyeran, epi kolekte done yon fason inifòm. Sa vle di yo ka trete done yo kolekte yo otomatikman lè yo sèvi avèk aprantisaj otomatik epi transfòme an enfòmasyon eksplwatab pou yon òganizasyon.

Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral Airtonomy an, Dr Joshua R. Riedy, te deklare, "Airtonomy ap transfòme peyizaj UAS la epi li fyè dèske yo chwazi li kòm gànyan GENIUS NY la pou ane 2021 an. Prim sa a pral alimante kwasans kontinyèl Airtonomy an epi li pral lakòz anbochaj talan lokal yo ak investisman dirèk nan ekosistèm UAS la, enkli nan tout Santral la. Pwogram GENIUS NY la, espesyalman moun ak òganizasyon mèveye ki enplike yo, li deja enkwayab. Nou pa ka tann pou nou pataje sipò nou eksperimante a ak lòt antrepriz demaraj nan rejyon an. GENIUS NY ilistre kalite ekspètiz, rezo, ak sipò ki enpòtan anpil pou siksè yon antrepriz demaraj. Nou vinn aprann konnen lòt finalis yo trè byen e yo chak eksepsyonèl, kidonk nou fyè dèske nou fè pati konpayi yo."

Direktè GENIUS NY la nan CenterState CEO, Kara Jones, te deklare, "Final Repezantasyon yo se yon etap enpòtan pou ekip k ap patisipe nan pwogram GENIUS NY la. Li bay yon premye investisman pou akselere kwasans pa yo epi li make siksè premye faz pwogram nan", deklarasyon Kara Jones, direktè GENIUS NY nan CenterState CEO. Kounye a, ekip yo pral kòmanse dezyèm faz konpetisyon sa a, kote y ap itilize opinyon yo resevwa nan men jij yo pou yo ale sou mache a, bati patenarya ki pi solid ak ekip GENIUS NY la ki soti nan faz anvan yo, epi konsantre sou teknoloji ak devlopman biznis, anboche ak etabli katye jeneral ak biwo nan New York Santral. Chak ekip pral resevwa sipò sible nan men menntò ak konseye epi yo pral gen opòtinite adisyonèl pou rankontre ak investisè yo pou asire siksè yo."

Rob Simpson, ki se prezidan CenterState CEO te deklare, "Investisman ki fèt atravè pwogram GENIUS NY la, ki asosye ak resous ak pwogram sipò, pral akselere kwasans konpayi UAS ki gen gwo potansyèl sa yo ak sektè UAS la nan rejyon nou an. Pandan y ap etabli biznis yo nan rejyon an, nou pral bay sipò devlopman biznis sible pou pèmèt yo pwofite investisman sa yo, avanse teknoloji ak platfòm yo, kreye travay epi kontribye nan ekosistèm UAS k ap grandi a ke nou te etabli nan New York Santral la."

An plis de konpetisyon akseleratè GENIUS NY lan, Eta New York konsantre sou fè investisman majè nan endistri sistèm ayeryen san pilòt yo nan New York Santral ak nan Mohawk Valley. An 2016, Eta New York te angaje yon investisman 30 milyon dola pou devlope yon koridò tè dwòn ki mezire 80 kilomèt ant Syracuse ak Rome atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. An 2020, ofisyèl te devwale Skydome, yon ti sistèm ayeryen san pilòt, oswa SUAS (small unmanned aerial system), etablisman pou eksperimantasyon ak tè nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss nan Rome, Konte Oneida. Jodia a, premye Koridò Jesyon Sikilasyon San Pilòt

(Unmanned Traffic Management Corridor) ki mezire 80 kilomèt ant Syracuse ak Rome se yon lidè mondyal pou teste platfòm ak inovasyon UAS yo.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare, "Konpetisyon akseleratè biznis GENIUS NY la ap ede alimante kwasans kontinyèl endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt la nan New York Santral. Felisitasyon pou tout konpayi inovatè sa yo ki ap mennen ide antreprenaryal yo a nan rejyon an, kote yo ka pran avantaj sou resous ak enfrastruktir UAS san parèy Eta New York la".

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Mwen felisite Airtonomy paske li genyen gran pri konpetisyon GENIUS NY la ane sa a epi mwen pa ka tann pou mwen wè investisman yo pral fè nan rejyon ak nan ekonomi nou an. Enèji ak inovasyon yo reprezante a enpòtan pou kontinye bati yon ekonomi antreprenaryal ki pwospè nan New York Santral. Chak ganyan yo ane sa a pral ede ekonomi lokal nou an pwospere epi kenbe talan nou bezwen pou fè rejyon nou an vin pi solid".

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "New York Santral gen yon gwo istwa inovasyon ak konpayi tankou Airtonomy ak tout patisipan GENIUS NY yo ap kenbe tradisyon sa a. Yo ap estimile travay ak ekonomi demen an epi mwen pa ka tann pou wè yo grandi nan kominote nou an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul poutèt li sipòte antreprenè New York yo ak endistri UAS yo."

Senatè Eta a, Al Stirpe, te deklare, "Felisitasyon pou tout ganyan konpetisyon GENIUS NY 2021 yo, sitou Airtonomy paske li te pran gran pri a. Konpayi sa yo pral yon ogmantasyon ke yo byen akeyi nan endistri teknoloji k ap fleri nan New York Santral la. Pandan senk ane ki sot pase yo, pwogram GENIUS NY la te investi nan antepriz demaraj k ap chèche chanje fason kominote nou yo fonksyone epi konekte yo ak resous ki sipòte kwasans yo. Mwenpa ka tann pou wè ki jan antepriz demaraj sa yo pral transfòme avni rejyon nou an ak mache teknoloji mondyal la."

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Konpetisyon Genius NY la kontinye ede New York Santral kenbe estati li a kòm yon sant pou konpayi inovatè yo ki ap eksplòre sistèm ayeryen san pilòt yo ak lòt teknoloji dènye kri yo. Mwen pa ka tann pou mwen gade kolaborasyon li an, avèk the Tech Garden ak konpayi lokal yo, ki ap mennen ekspètiz ak nouvo lide nan premye nivo endistri sistèm ayeryen san pilòt la."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Inovasyon ki gen rapò ak sistèm san pilòt yo kontinye ranfòse ekonomi New York Santral nou an. Dènye rekonpans Gouvènè Hochul yo mete aksan sou fòs teknolojik konpayi lokal nou yo ak potansyèl kontinyèl nan devlopman mendèv. Felisitasyon pou tout finalis yo ak ganyan 1 milyon dola a, ki se Airtonomy".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Li vrèman pasyonan pou nou wè endistri UAS emèjan an kontinye devlope isit la menm nan anba lavil Syracuse. Nan non Konte Onondaga, mwen felisite ak akeyi konpayi inovatè sa yo ki

prepare pou pouse rasin nan New York Santral. Mwen pa gen okenn dout ke yo pral kontinye jwe yon wòl enpòtan nan siksè ekonomik global rejyon nou an."

Majistra Vil Syracuse lan Ben Walsh te deklare, "Felisitasyon pou Airtonomy epi byenvini nan ekosistèm enteresan pou teknoloji sistèm ayeryen san pilòt yo k ap grandi nan Vil Syracuse ak New York Santral. Konpetisyon GENIUS NY la te ede elaji kilti antreprenarya nou an epi kontribye nan Syracuse Surge (Monte Syracuse), ki se estrateji nou an pou kwasans enklizif nan Nouvo Ekonomi an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te asire ke Eta New York kontinye investi nan inisyativ devlopman ekonomik enpòtan sa a".

Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan New York Santral (Manufacturers Association of Central New York, MACNY) la, ak Deborah Stanley, Prezidan State University of New York nan Oswego, ki se de Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral (Central New York Regional Economic Development Council) la te deklare, "Anpil Felisitasyon pou Airtonomy, ki se gayan senkyèm faz GENIUS NY la. Nou ekstrèmman fyè pou nou akeyi antreprenè imajinè sa yo nan New York Santral pandan y ap pran angajman pou devlope biznis inovatè yo nan rejyon sa a. Atravè sipò kontinyèl pou konpetisyon GENIUS NY konsèy rejyonal la, nou ap asire ke Eta New York rete nan premye nivo endistri UAS ki ap devlope a nan New York Santral, sa ki ap kreye nouvo opòtinite ak djòb pou rezidan yo nan rejyon an pandan deseni k ap vini yo".

Kapitèn Houston Mills, vis-prezidan Operasyon Vòl ak Sekirite nan UPS, Theresa Mazzullo, ki se Direktè Egzekitif Jeneral Excell Partners; Chedy Hampson, fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral TCGplayer; Kelly Wypych, konsiltan ak Direktè Egzekitif Jeneral retirete nan Cryomech; Clayton Besch, direktè New York Ventures Empire State Development, te jije plan biznis ak prezantasyon ekip GENIUS NY yo.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou GENIUS NY, klike [la a](#).

Pou plis enfòmasyon sou CenterState CEO ak Tech Garden an, visit: <https://www.centerstateceo.com/about-us/partners-programs/tech-garden>

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)